

APRE COWONAVIRIS SA A, FOK BAGAY YO CHANJE NAN PEYI A

Rosny Desroches

(Dezyem Pati)

Nan premye tèks la, nou t pale de posiblite pou difikilte jwenn manje pou manje a k vin pi mal nan peyi a, e nou t di tou ke, akòz de yon seri gwo pwoblèm ke epidemi Kowonaviris la k koze, li posib ke yon michan grangou kloroks fini pa deplotonnen ko li nan anpil zon peyi a.

Pami koz ki eksplike poukisa, depi nan ane 1980 yo, sitiyasyon malouk sa a ap layite ko'l konsa nan peyi a, nou t di ke c vye politik degrenngoch leta sou kesyon taks, komès avèk agrikilti ki reskonsab sa. E c pou sa ke nou t ankouraje kit c dirijan oswa sitwayen yo, kit c moun k ap enpote pwodwi lot bo dlo, oswa sa k ap h t pwodwi enpote sa a yo, kidonk nou t ankouraje tout moun nan peyi a alawonnbadè, pou yo pran bon jan dispozisyon pou k gen plis manje ki pwodwi nan peyi a; yon fason pou garanti ke pa gen rate manje anko nan peyi a.

Nan dezyèm tèks sa a kote n'ap raple gwo lide ki t brase nan kad rankont refleksyon e dinamizasyon ekonomi ke ISC t fè yo, nou pral wè ki konsekans vye desizyon leta yo k genyen sou ekonomi peyi a.

Nou pral wè tou ki gwo katastrof ki k rive, si epidemi Kowonaviris sa a ta frape peyi a menm jan e avèk menm raj li frape peyi tankou Itali oswa Espay.

Kit ou c yon espesyalis ou pa yon espesyalis, li klè pou tout mou ki t'ap gade dega ke Kowonaviris la fè nan peyi Azi, nan peyi Ewop oswa an Amerikdino yo ke 2 pi gwo faktè ki k pemèt yon peyi diminye kantite kontaminasyon ak kantite moun ki mouri yo, c kan majorite moun peyi sa a ret lakay yo, epitou lè lopital ak sant sante peyi sa a gen bon jan ekipman ak pèsònèl ki k bay malad yo bon jan swen, oswa bay moun ki sou machin reanimasyon tout kalite swen ki nesèsè. Byennantandi, li pa fè sans pou mande moun k'ap travay lopital oswa sant sante yo pou ta ret fèmen anndan lakay yo.

Sepandan, lè nou konsidere tou 2 pwen nou sot pale la a yo, li klè kon dlo kokoye ke nou pa pare pou fè faskare ak Kowonaviris sa a, paske c yon ti gwoup moun nan popilasyon ki k gen posiblite pou estoke dlo, estoke manje, epi ret lakay yo jan leta mande l yo.

Majorite moun nan popilasyon an nan malsite e yo pap travay. Kidonk, yo pa gen mwayen pou estoke dlo ak manje lakay yo, e chak jou Bondye bay, yo sètoblije soti pou y'al gade ki kote lari a fè kwen.

Lè nou konsidere fason yo vann pwovizyon nan mache piblik yo, oswa jan sistèm transpo piblik ap fonksyone, li klè ke si Kowonaviris la debake tout bon sou nou, sa pap pran anpil tan pou'l gaye nan tout kwen peyi a, paske sistèm sante piblik nou genyen a pa bon menm, menm, menm.

E map pwofite raple nou ke lè yo t ap konfime ke gen yon premye ka Kowonaviris ki anrejistre nan peyi a, tou lot boy la, gen premye moun ki trape Kowonaviris, nan tout peyi a, t gen sèlman 47 machin pou soulaje moun ki gen difikilte pou yo byen respire.

Yon lot bagay pou nou di, nan zafè sante a, sitiyasyon zòn andeyo yo, pa bon menm

Dapre leta ayisyen, sou chak 100 seksyon kominal, 21 nan yo pa gen ni dispansè, ni sant sante. Leta tèlman pa bay sante popilasyon enpotans ke, nan dènye lane ki sot pase yo, c sèlman 10 % depans ki fèt nan domèn sante a ke leta t rive finanse. Tandiske, pou menm peryod sa a, kominote entenasyon la t finanse 55 pousan nan depans sa a yo.

Sak pi rèd anko, nan Bidje 2017-2018 la, lajan ki te prevwa pou Ministè Sante Piblik c t sèlman 4,3 % bidjè sa a. E dapre yon rapo Kou Siperyè Dèkont, Ministè Finans pa soti tout kob la, pou pwojè ak pwogram ki gen arevwa ak laswenyay ke yo bay popilasyon an lajan ke Ministè Finans dekesse pou Ministè Sante Piblik c inikman 8 % sak t prevwa nan bidjè a..

Sa gen swasant lane, Ayiti t nan menm nivo ekonomik ak Repiblik Dominikèn. Men, konnye a, yon sitwayen ayisyen gen an moyenn 850 dola ameriken poul viv nan yon ane, alòs ke sitwayen dominiken an gen 7,880 dola, kidonk nèf fwa lavalè.

E, dapre tout gwo espesyalis, chak fwa ke yon katastwof frappe peyi a, nou telman pov ke nou gen anpil difikilte pou fè faskare ak fénomèn sa yo.

Konnye a, kesyon pou'n poze tèt nou c, kijan Ayiti Cheri nou an, yon peyi ki t tèlman rich ke, nan tan lontan, yo t rele 'l Perle des Antilles, kijan peyi a fè tonbe sou lagraba konsa ?

Si pou'n ta pran pou site rezon yo, nou patap janm fini. Sepoutèt sa ke nan tèks sa a nou chwazi site twa pi gwo rezon ke espesyalis yo t site nan kad rankont ke ISC t fè yo.

Twa pi gwo rezon sa a yo c :

1) enstabilite politik,

2) vye politik ak mezi ekonomik depaman ki nan enterè yon ti gwoup moun nan popilasyon an, e ki anpeche peyi a devlope,

3) mepri ak endiferans ke mouche leta genyen pou yon seri sektè enpotan nan popilasyon an.

Lè nou fin pale de kèk rezon ki eksplike poukisa peyi a nan katchoubonmbe sa a, n ap site kèk pwoblèm pou nou ta evite, e n'ap bay kèk konsèy tou pou lè nou fin pase kap Kowonaviris sa a

Enstabilite Politik

Fenomèn enstabilite sa a, c youn nan pi gwo sous pwoblèm politik ke peyi Dayiti ap travèse.

Komanse depi sou Desalin pou'n rive sou Mateli, peyi a pase 37 Chèf Leta, e koutzam t lakoz 26 ladan pèdi pouvwa a. Sou onz lot yo, c 2 sèlman ki rive oganize eleksyon e pase mayèt la, sanke

yo pat manyen konstitisyon an pou pwolonje manda yo.. E 2 moun sa a yo, youn c Dartiguenave ki t prezidan sou lokipasyon amerikèn, e dezyèm la c René Preval. Kidonk, li fasil pou konprann poukisa, sou kesyon devlopman, peyi a dèyè kamyonèt la toujou. Soti 1987 pou rive 2017, sa fè 30 lane ; e, olye de 6 Prezidan ke, jan Konstitisyon an di'l la ke nou ta dwe genyen, nou pase 18 Prezidan e 30 Premye Minis.

Lèw konsidere kesyon chanjman tout jounen nan tèt pouvwa politik la, e si w ajoute sou sa tout koudeta, tout kesyon tranzisyon politik, chanjman Premye Minis, oswa kalandriye elektoral ki pa janm respekte, lè sa a, li vin fasil pou konprann poukisa kwasans ekonomik peyi a paka rive depase 2 % nan yon lane.

E c menm rezon politik sa a yo ki eksplik tou poukisa nan lane 2019 ki sot pase la a, apa pri pwodwi yo ki ogmante plispase 20 %, ekonomi peyi rive fè yon bak de 1.2 %.

Pami konsekans boulvari politik sa a ke peyi a travèse a, nou rive nan yon sityasyon kote : pa gen okenn biznis ki kreye, yon sityasyon kote, kit c etranje, kit c ayisyen, pèsonn pa fè investisman nan peyi a ; sa ki lakoz ke ekonomi peyi a nan sewom e lavi popilasyon an ap depafini.

Vye politik ak mezi ekonomik depaman ki nan enterè yon ti gwoup moun nan popilasyon an.

Tout moun k'ap analize sityasyon ekonomik peyi Dayiti k konstate ke leta pa janm aplike yon politik ekonomik ki la pou fè Devlopman peyi a, oswa asire byennèt popilasyon a. Lamajorite moun ki rive nan tèt pouvwa a, c toujou gras a lajan yon seri gwo palto ki, selon enterè yo, abitye finanse kanpay elektoral yon kandida, manifestasyon politik kont yon gouvènan, oswa dechoukay yon prezidan.

Sepoutèt sa ke, depi ke yo rive sou pouvwa, kit c prezidan oswa yon palmantè, yo tout bliye lapoula popilasyon ki t vote yo a, e yo fè tout sa yo kapab pou rann sèvis, bay kontra, oswa tout kalite privilèj a moun ki t finanse kanpay elektoral yo a.

Nan sans sa a, c toujou yon ti gwoup moun ki jwenn kontra leta yo, e c sa ki eksplike gagot k ap fèt nan lajan leta a, oswa poukisa koripsyon an ap vale teren nan peyi a konsa. E c atravè metod gresepat sa a yo ke politisyen nou yo rive rich trapde. E c menm metod sa a yo ki ekslike poukisa gran nèg sa a yo k bloke kontra ki pa fè yon plezi, ki pa nan enterè yo, oswa ta vle fasilite konkirans.

Nou nan yon sityasyon kote c yon konpayi, oswa yon ti gwoup moun ki gen dwa enpote oswa vann yon seri pwodwi nan peyi a.

Yon lot kote, gen anpil biznismann ki pa bay peyi a regle anyen pou yo, e ki foute yo pamal si sektè ekonomik pa yo ap devlope. Sèl sa ki enterese yo, c èske zafè pa a yo regle, eske yo fè gwo benefis.

Lè nou byen obsève ekonomi peyi a, nou konstate ke, depi tout tan, pwodiksyon nasyonal pa janm enterese moun ki alatèt ekonomi peyi a, yo aji tankou rantye sak interese yo c ki sa yap tire

sou afèmaj kay, sou tèt peyizan kap kiltive latè, sou t tèt lajan intènasyonal la, oswa sou lajan diaspora -a.

E nenpot moun k rekonet ke toutotan n'ap boule konsa, ekonomi peyi a pap janm devlope, e popilasyon an ap vin pi pov dejou anjou.

Malgre ke c metod ak apwoch sa a yo k'ap vale teren, sa ki bannou espwa, c lè nou konstate ke gen yon seri biznismann ki pa aplike yo, e ke peyi k konte sou moun sa a yo pou rebay ekonomi a jarèt e fè peyi a mache byen.

Anpil gwo Sektè Nan Ekonomi a ki Neglije.

Nan premye tèks la, nou t montre ke leta tèlman meprize agrikilti a ke plis pase lamwatye manje ke nou manje, c nan peyi étrange ke l soti.

Konnye a, nou pral pale de yon sektè ki osi enpotan ke agrikilti à, e ke leta meprize menm jan ak agrikilti a. Sektè sa a, c sektè yo rele sekrè enfomèl la, e ki gen ladan'l tout moun ki gen ti bisnis pa a yo, tout moun k'ap degaje yo nan mache oswa nan lari a. Dapre yon seri chif, pase 80 % bisnis peyi a, c nan sektè enfomèl ke yo ye. Yo pa peye patant, yo pa peye taks oswa pa ranpli obligasyon kod ditravay la, men yo gen yon gwo pwa nan ekonomi peyi à, e leta ta dwe fè posib li pou rann sektè sa a konfom ak sa lalwa di.

San sa, sektè sa a pap janm devlope, li pap k jwenn kredi, e kit c nan zafè teknik oswa zafè fomasyon, kit c nan aplike bon jan prensip ak bon metod bisnis, li pap janm fè pwogrè.

Lejou sektè enfomèl la modenize, mpin k'ap travay nan sektè sa a ap touche pi byen, e y'ap benefisye tou de tou avantay ki gen arevwa ak aksidan travay oswa pansyon. Konsa, yo k fè tande vwa yo sou tout sa ki gen arevwa ak dwa e fonksyonman travayè. Lè sektè sa a regilarize, nou pral konstaté yon gwo amelyorasyon nan kalite pwodwi ke y ap vann, nan kantite sa ke y ap pwodwi, epitou li k pi fasil pou yo transmèt teknik pwodiksyon yo tou.

Sou kesyon sektè sa a, nou ta renmen bay yon gwo kout chapo pou medam yo, paske medam sa a yo pote yon gwo kontribisyon nan sektè sa a. E kom tout moun konnen, madan sara c potomitan sektè sa a, piske c yomenm ki okipe de lavant pwodwi yo

Kit c sou plan jiridik, sou plan sosyal, sou plan ekonomik, fanm sektè enfomel yo travay nan move kondisyon ; e yo viktim tou sou kesyon ensekirite k' ap ravaje peyi a.

Gem anpil fanm ki travay tou nan domèn atizana, sepandan yo paka pwodwi ase pou satisfè demann yo, paske, alabaz, yo manke fomasyon ak ankadreman teknik.

Apa fomasyon ak ankadreman sa a yo, nou panse ke yo ta dwe benefisye de pwogram sou edikasyon seksyèl e plan in familyal; konsa, sa pata ralanti aktivite pwofesyonèl yo.

Pou fini, nap siyale ke pou ekonomi pran jarèt, li esansyèl pou nou remanbre sektè enfomèl la, epitou bay travay fanm yo plis valè ak enpotans.

Rekomandasyon

Si gen yon bagay ke pandemi Kowonaviris la raple nou, sè ke noutout c sitwayen yon menm peyi, e ke nou ta dwe pwofite de kriz sa a pou fè gwo mobilizasyon nan 3 domèn.

A) Domèn Sivik

Kit nou vle, kit nou pa vle, tout 12 milyon Ayisyen peyi oblije rann yo kont ke yo se sitwayen yon menm peyi e ke nan zafè sante n'ap pataje yon menm reyalite. Pa gen wout pabwa, epi, de tout fason, fwontyè peyi a fèmen. Nan sans sa a, si pou nou chape, c nan tèt ansanm pou sa fèt; e sa pral depann tou de prekosyon chak moun nan nou ap pran, e de kantite ak kalite swen ki disponib.

Nou tout c fanm ak gason yon menm peyi, e lè nou gade jan sa t konn fèt nan tan lontan, nou wè ke peyi yo t entoure de gwo miray pou pwoteje yo kont lenmi ki ta gen entasyon anvayi yo. E nou wè tou ke, anplis de zam ak eksperyans solda yo t genyen, tèt ansanm ki t gen nan popilasyon an t ede yo anpil tou.

Si nou pran egzanp

Nan ka panou, COVID-19 parèt sou nou nan yon moman gwo kè kase, yon moman kote moun ki nan domèn sante pa gen ekipman, yo gen anpil tèt chaje, E anplis de sa, gen ladan yo ki nan grèv.

Met sou sa, nou lan yon sitiyoasyon kote, sa gen apeprè 2 mwa, peyi a t kab tonbe nan yon gè sivil, yon sitiyoasyon kote klas politik paka rive jwenn yon antant; menm si c ta yon ti antant toupiti.

Nan ka sa a, nou panse ke li plis ke ijan pou nou mete nou dako sou sa ki dwe fèt nan enterè peyi a, nan enterè popilasyon an.

Li lè, li tan pou nou fè yon kanpay edikasyon sivik, yon dyalog nasyonal kote, san zeksepsyon, tout sitwayen peyi a ta dwe patisipe san ke pa gen okenn kondisyon ki poze.

Jodi a, li ekstrèmman enpotan pou nou mete nou dako sou avni peyi a, pou nou deside ki direksyon ekonomi a ta dwe pran pou 25 lane kap vini la a yo, moman an rive pou nou mete nou dako sou fason n'ap dirije peyi a, epitou pou nou defini yon bon sistèm edikasyon, ansanm ak yon bon sistèm sante piblik.

B) Domèn Politik.

Pèp ayisyen an gen yon gwo desizyon pou li pran nan tèt ansanm. Moman an rive pou li deside karebare ke li chwazi rejim demokrasi reprezantiv la, rejim demokrasi patisipativ la; yon rejim kote yo respekte sa konstitisyon an di nan zafè politik la, sa vle di fè eleksyon lè yo sipoze fèt, respekte dire manda yon moun ki pase nan eleksyon. Nan menm lojik sa a, konstitisyon an pou okenn pouvwa pa gen foskote parapo ak 2 lot yo, li mande tou pou kwape kesyon enstabilite politik, epitou pou nou koupe fache avèk yon abitud kote, depi 200 zan, chak fwa ke nou bezwen voye yon gouvènman ale, nou met moun nan lari pou krazebrize e komet zak vyolans sou moun ak byen moun.

Nan sans sa a, nou rekomande chak sitwayen, chak sitwayèn pou yo enskri nan yon pati politik, oswa sipote yon pati politik. E pou travay pou peyi a taka genyen 3 sinon 4 gwo pati politik modèn, pati kote tout sitwayen taka konnen tendans politik yo, pwojè sosyete yo, oswa pwogram politik yo.

Li lè, li tan pou nou sispan fè mawonaj, pou nou sispann manje labouyi a sou kote e sispan fè mèt dam. Moman an rive pou nou di klèman ki sa nou vle e modènize vi politik peyi a.

Si nou ta vle diminye enfliyans ak pouvwa moun ki gen anpil lajan an yo nan vi politik peyi a, si nou swete ke politik fèt nan sans enterè peyi a, nou dwe travay pou ke gen nan peyi a 3 ou 4 gwo pati politik, 3 ou 4 gwo pati ki gen reprezantan nan 4 kwen peyi a, pati ki gen manm ki soti nan tout kouch sosyal peyi an. E nou ta dwe tou ankouraje anpil moun al patisipe nan eleksyon ki gen pou fèt yo.

Nan menm sans sa a, tout sitwayen ak sitwayèn ta dwe rete veyatif, ta dwe rete mobilize epi patisipe nan tout Inityativ ki pran pou lite kont koripsyon. E li ta bon tou si lot sektè popilasyon an tankou fanm, moun sektè enfomel yo, kiltivatè, pwofesè lekòl, chomè, jèn yo, doktè, enfimyè elatriye pote revandikasyon pa yo tou.

Nou panse tou ke gen dispozisyon legal oubyen konstitisyonel, dispozisyon tankou kesyon kota a, ki pou pran pou pran pou garanti ke plis fanm bay dizon yo nan tout sa k ap fèt nan peyi a.

3) Domèn ekonomik

Tout tan ke gen plis moun k'ap travay nan sektè enfomèl la, ekonomi peyi a pap janm vreman devlope. Pou ekonomi a rive devlope, leta ta dwe non sèlman pran mezi ki janm pou remanbre sektè sa a, men li ta dwe tou bay kiltivatè yo yon seri avantaj sosyo, epitou li ta dwe modènize lwa ki konsène travay agrikòl la.

Leta ayisyen ta dwe tou mande Bank Santral pou li adopte yon politik ki la pou fasilite kwasans ekonomik peyi a, epi estabilize ekonomi peyi a sou plan makwo.

E yon nan fason pou remanbre ekonomi peyi a

Pou ekonomi peyi a mache, fok tout moun ki serye ki bezwoin prete lajan poul fe yon degaje kap join li san interè pa pete fièl li fok tout moun ki gen yon ti kop sere kap join institisyon poul investi l nan bon kondisyon, san kè sote.

Leta ta dwe tou met sou pye yon politik kote lajan transfè dyaspora a, ansanm ak yon bon valè depo ki labank yo ta k sèvi pou fasilite investisman nan peyi a.

Nan lide pou kwape toutbon vre zak koripsyon ki retade devlopman peyi a, epitou anpeche popilasyon an jwenn bon jan sèvis, leta ta dwe sensibilize tout sitwayen yo sou nesite pou konbat tout vye zak sa a yo, e pi bon fason pou l ta fè sa, c pou li ta alafwa simaye enfomasyon sou koripsyon, men pou l ta ranfose lwa ki gen arevwa ak koripsyon, epitou met sou pye enstitisyon pou konbat fenomèn sa a; yon tribinal ki jije krim finansie selman pa exanp.

Pou nou k rive kwape fenomèn povrete ki gen lontan ke l'ap layite ko l nan peyi a, e ki reprezante yon gwo danje nan peryod ki gen katastwof yo, nou ta dwe tabli yon politik investisman ki mare sosis li ak yon pwogram ki la pou kreye richès ak djob.

Youn nan meyè fason pou nou ta regle sa, c lè nou ta antann nou sou yon politik ekonomik k ap fasilite devlopman tout kategori moun nan peyi a. E tout sitwayen alawonnbadè ta pote kontribisyon yo nan politik sa a.

Daprè nou, menm yon moun ki pov kapab join moyen pou li sere yon ti lajan labank epi investi lajan sa a. Pou yon moun rive fè sa, li dwe gen anpil disiplin e li ta dwe h t inikman sa li bezwen tout bon vre.

Yon dènye bagay ke n ap di, nou rete kwè ke epidemi Kowonaviris ke n ap travèse la a ap pèmèt sitwayen yo fè diferans ant sa ki enpotan e sa ki pa vreman enpotan. E nou panse tou ke tout gwo antrepriz peyi a pral aji yon fason kote yo investi plis lajan nan pwodiksyon ke nan komès. E, si nou ta rive fè sa, sa ta pral nan avantaj tout moun, paske sa ta pral kreye anpil djob, sitiyasyon tout moun ap vin pi bon, epitou sekirite ak lapè pral blayi nan tout peyi a.